STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 12 fevriye 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KOMISYON SAGE PIBLIYE RAPÒ FINAL POU MODÈNIZE AK AJISTE GOUVÈNMAN ETA NEW YORK

Pwojè ki Endike nan Rapò a Reprezante Restriktirasyon ki pi Detaye pou Gouvènman Eta a depi ane 1920 yo, epi yo Prevwa L Ap Ekonomize Plis pase $1,6 Milya Dola

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Komisyon pou Efikasite Depans ak Gouvènman (SAGE) pibliye rapò final li sou modènizasyon ak ajisteman gouvènman Eta New York. Rapò final la te idantifye pwojè ki reprezante restriktirasyon ki pi detaye pou gouvènman Eta a depi sa Gouvènè Al Smith te fè nan ane 1920 yo. Ansanm, yo prevwa ekonomize plis pase $1,6 milya dola depi yo egzekite pwojè yo, amelyore sèvis pou sitwayen yo ak biznis yo, epitou ogmante transparans ak responsablite.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Komisyon SAGE te gen responsablite pou jwenn fason tounèf pou transfòme yon gouvènman eta a ki sinonim avèk depans an dezòd, gaspiyaj ak san kontwòl nan yon gouvènman ki modèn, efikas epi k ap travay pou kontribiyab yo. Nan dènye dezan yo, administrasyon mwen te travay anpil avèk Komisyon an pou kòmanse aplike fason pou amelyore operasyon gouvènman eta a, epi yo deja montre vrè pwogrè. Jodi a, Komisyon an pibliye rapò final li avèk rekòmandasyon ki gen posiblite pou ekonomize plis pase $1,6 milya dola pou Eta New York. Komisyon an te pran yon vrè defi, epi yo vrèman bay bon rezilta pou Nouyòkè yo. Mwen di mèsi pou Gouvènè Adjwen Duffy, Direktè Paul Francis, Direktè Adjwen Derek Utter, ak manm Komisyon an pou travay di yo.”

Komisyon SAGE te kreye pou fè yon evalyasyon jeneral gouvènman Eta New York epi pou idantifye chanjman nan estrikti ak operasyon ki ta ede fè li pi modèn responsab ak efikas. Komisyon an te konsantre sitou sou “operasyon” gouvènman Eta a – travay ajans ak administrasyon Eta fè dirèkteman – parapò avèk sèvis Eta a finanse men yo bay nan lòt ajans yo, tankou Medicaid ak edikasyon.

Se Gouvènman Cuomo ki te lonmen Komisyon SAGE nan mwa avril 2011, epi Komisyon an gen ladan 20 dirijan sektè prive a ak kat (4) manm lejislati a. Komisyon an te gen alatèt li Gouvènè Adjwen Robert Duffy ki te sèvi kòm Prezidan, Paul Francis, Vis-Prezidan ak Direktè Restriktirasyon ak Efikasite Ajans, ak Derek Utter, Direktè Adjwen Restriktirasyon ak Efikasite Ajans.

Komisyon an te travay anpil avèk administrasyon Cuomo pou idantifye ak egzekite kèk pwojè pou ede gouvènman eta a fè ekonomi lajan, amelyore sèvis la pou sitwayen ak biznis yo, epitou pou ogmante transparans ak responsablite. Yo te anonse anpil nan pwojè sa yo, ki egzekite deja oswa ki nan faz egzekisyon kounye a.

Rapò final yo pibliye jodi a òganize an twa (3) pati:

- Restriktirasyon Gouvènman Eta a
- Rediksyon Depans yo ak Amelyorasyon Sèvis la
- Devlopman yon Kilti Pèfòmans ak Responsablite

Yon apèsi sou pwojè yo ak estimasyon ekonomi lajan endike anba la a:

Restriktirasyon Gouvènman Eta a

- **Gwoupman ak Ajisteman Sant yo:** Ekonomi lajan pou apeprè $294 milyon dola chak ane ki dwe reyalite avèk fèmti prizon anplis yo, rediksyon bezwen pou sant rezidansyèl yo, de-enstitisyonalizasyon sant sante mantal ak sant sante debaz pou moun ki gen andikap devlòpmantal, eliminasyon espas biwo anplis ki anfème lè yo “re-anpile” ajans Eta a, epitou gwoupman operasyon depi, enpresyon ak laboratwa.
- **Gwoupman Fonksyon yo:** Ekonomi lajan pou apeprè $241 milyon dola chak ane ki dwe reyalize avèk gwoupman ak modènizasyon fonksyon administratif ak sipò, tankou finans ak operasyon HR, acha, jesyon resous ak sant apèl.
- **Gwoupman Ajans ak Administrasyon yo:** Fizyon ak gwoupman ki konsène yon total 14 ajans ak administrasyon te fèt oswa pwopoze pou fèt nan Bidjè Egzekitif 2013-14. Si yo adopte chwa pou fizyon ak gwoupman siplemantè Komisyon SAGE idantifye pou konsiderasyon pidevan, kantite gwo ajans yo ak administrasyon yo ap redui a 23% depi lè Gouvènè a te pran fonksyon.
- **Kowòdinasyon Aktivite Entè-Ajans yo:** Ekonomi lajan pou apeprè $100 milyon dola chak ane ki dwe reyalize avèk pwosesis kowòdinasyon fòmèl pou aktivite enpòtan entè-ajans yo, tankou Gwoup Travay NY Works pou enfrastrikti ak planifikasyon kapital, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal ak yon Plan-Direktè toupatou nan eta a pou tout pwojè efikasite enèji nan sant Eta a.

Rediksyon Depans yo ak Amelyorasyon Sèvis la

- **Transfòmasyon nan Teknoloji Enfòmasyon:** Ekonomi lajan pou apeprè $290 milyon dola chak ane nan (i) òganizasyon operasyon 3.300 anplwaye IT ak enfrastrikti Eta a an yon nouvo òganizasyon Sèvis Teknoloji Enfòmasyon; (ii) modènizasyon enfrastrikti IT, tankou sant done, konvèsyon ant liy terès tradisyonèl ak sèvis telefòn nan entènèt (VoIP), nòmalizasyon imèl ak jesyon idantite itilizatè; epi (iii) fasilitasyon devlopman pwojè IT ki gen yon gwo rannman sou envestisman (ROI) oswa yon gwo enpak sou sèvis kliyan an oswa sou lòt kalite pèfòmans.

• **Sèvis Kliyan Amelyore ak Efikasite nan Pwosesis la:** Pi bon pratik pou bay lisans oswa pèmi nan yon platfòm e-licensing k ap pèmèt aplikasyon nan entènèt pou plis pase 400 kalite lisans yo bay nan ajans Eta a; bon jan amelyorasyon nan sèvis kliyan nan DMV; jesyon senplifye pwosesis pou bay kontra eta a avèk founisè ki pa komèsyal ak lòt twazyèm pati; epi ekonomi lajan pou apeprè $100 milyon dola chak ane nan pwosesis acha pou Plan-Konstwiksyon.
• **Modènizasyon Mendèv la:** Ekonomi lajan pou apeprè $421 milyon dola nan kontwòl depans avèk nouvo akò ki sòti nan negosyasyon an gwoup san ogmantasyon salè nan kòmansman kontra yo, ogmantasyon kotizasyon anplwaye pou asirans sante, epi yon nouvo plan pansyon Nivo VI k ap ekonomize gouvènman Eta a ak gouvènman lokal yo plis pase $80 milya dola nan pwochen 30 ane yo.
• **Fleksibilite Mendèv la:** Ogmantasyon fleksibilite nan anbochaj ak jesyon anplwaye yo.

Devlopman yon Kilti Pèfòmans ak Responsablite

• **Premye Pwojè Pèfòmans nan Eta a:** Èd pou lekòl ki baze sou pèfòmans ak sistèm evalyasyon pwofesè yo; yon sistèm jesyon pèfòmans nan eta a pou tout gwo ajans yo ak administrasyon yo, ki dwe lanse pou piblik la nan fen ane 2013 la; epi pwojè, tankou Open New York, pou ogmante transparans gouvènman Eta a, ak bay plis aksè nan sèvis gouvènman an, dosye ak done.
• **Konsantre sou misyon debaz ak egzekisyon efikas:** Estrikti pou evalyasyon aktivite ki pa santral pou vanse misyon debaz gouvènman Eta a; epi egzekisyon pwojè restriktirasyon gouvènman an avèk itilizasyon pwosesis jesyon LEAN epi lè yo jwenn resous ak espètiz sektè prive a.

Lè egzekisyon an fèt okonplè, yo prevwa pwojè ki idantifye nan rapò Komisyon an pral ekonomize plis pase $1,6 milya dola pou Eta a. Yon repatisyon endike anba la a:

Ekonomi Lajan sou Egzekisyon Okonplè	
	Ekonomi Lajan Chak Ane (MM)
Gwoupman ak Ajisteman Sant yo	
Fèmti Prizon Anplis yo	$174
Estrateji Jistis Jivenil ki baze nan Kominote	44
De-Enstitisyonalizasyon Swen Sante Mantal ak Swen pou Andikap Devlòpmantal	50
Re-anpilaj Espas Biwo	26

Gwoupman Fonksyon ak Sèvis Komen Antrepriz	
Sant Sèvis Komèsyal	63
Acha ak Apwovizyònman Estratejik	160
Sant Apèl ki baze sou Gwoup	18
Acha Asirans Sante Kowòdone	104
Gwoupman Ajans ak Administrasyon yo	
Fizyon ak Gwoupman	75
Teknoloji Enfòmasyon	
Restriktirasyon Òganizasyonèl	90
Modènizasyon Enfrastrikti IT	100
Pwojè IT ROI IT ki Enpòtan Anpil	100
Amelyorasyon Pwosesis	
Acha pou Plan-Konstwiksyon	100*
Plan-Direktè pou Efikasite nan Enèji	100
Modènizasyon Mendèv la	
Plan Pansyon Nivo VI	**
Ogmantasyon Kotizasyon Anplwaye nan Asirans Sante	260
Kontwòl Ogmantasyon Salè	161
Total	$1.625

**Reprezante 10% ekonomi lajan sou kantite depans ki estime chak ane pou enfrastrikti ki afekte nan administrasyon Plan-Konstwiksyon anba Lwa sou Envestisman nan Enfrastrikti. Pa gen ladan ekonomi lajan ki fèt nan pwojè Pon Tappan Zee yo estime a omwen $1 milya dola.*

***Plan Pansyon Nivo VI la pral ekonomize apeprè $21 milya dola pou Eta a ak apeprè $61 milya dola pou zòn yo sou pwochen 30 ane yo.*

Pou wè tout rapò a, ale nan sitwèb www.governor.ny.gov/assets/documents/SAGEReport.pdf.

Gouvènè Adjwen ak Prezidan Komisyon an, Robert Duffy, di konsa, “Mwen fyè paske travay Komisyon SAGE ede efò Gouvènè a avèk siksè pou fè gouvènman Eta New York vin pi modèn ak pi responsab. Kòm yon rezilta efò Komisyon an, pwojè yo deja nan faz egzekisyon nan domèn enpòtan yo tankou ekonomi lajan pou gouvènman an, sèvis ki amelyore pou sitwayen yo ak biznis yo, ak transparan gouvènman an. Pandan n ap kontinye bati yon New York tounèf, rapò final sa a gen ladan rekòmandasyon enpòtan pou pidevan. Se te yon plezi pou mwen aji kòm Prezidan komisyon sa a, epi mwen bat bravo pou Paul Francis pou konsèy li yo, pou tout manm komisyon an pou kontribisyon enpòtan yo, epi sitou, pou Gouvènè Cuomo pou vizyon li ak kalite dirijan li nan kontinye pwouve gouvènman an eta kapab rantab ak efikas.”

Paul Francis, Vis-Prezidan ak Direktè Restriktirasyon ak Efikasite Ajans, di konsa, “Komisyon SAGE te idantifye yon total 100 pwojè enteresan. Nan chif sa a, 78 pwojè egzekite deja, nan pwosesis pou egzekite oswa yo pwopoze yo nan Bidjè Egzekitif 2013-14 la. Yo te idantifye yon lòt 22 pwojè kòm chwa pidevan depi gen plis pwogrè ki fèt sou travay k ap fèt nan moman an. Pwojè sa yo ap fè gouvènman Eta a vin pi rantab ak koute mwen chè pou fonksyone. Yo ede gouvènman Eta a sèvi piblik la pi byen tou.”

Senatè Liz Kruger di konsa, “Fason nou opere gouvènman an bezwen vin dinamik ak toujou anba revizyon pou sa ki efikas ak sa ki pa efikas. Antan yon lejislatè, mwen te kontan anpil pou patisipe nan pwosesis kote moun ki andedan ak deyò gouvènman an t ap eseye antre nan plizyè kalite asiyasyon epi pou vini avèk pi bon modèl livrezon sèvis gouvènman. Rapò a rekòmande yon plizyè kalite chanjman ki ta enposib pou dakò avèk chak chanjman, epi sètènman vrè travay la ap egzekite pwopozisyon yo epi pou asire evalyasyon metrik rezilta yo k ap fèt san rete. Mwen fyè pou travay komisyon sa a, epi mwen vle di mèsi pou ekselan anplwaye gouvènè a te afekte nan travay konplèks sa a.”

Manm Asanble Jane Corwin di konsa, “Kreyasyon efikasite nan operasyon gouvènman an ap non sèlman ekonomize lajan kontribiyab yo men tou l ap amelyore livrezon sèvis yo pou sitwayen ki nan eta sa a. Rekòmandasyon Komisyon SAGE endike ap fè plis pou redui dimansyon gouvènman an epi l ap pote responsablite ankò pase nenpòt pwojè ki reyalize jiska prezan. Mwen di manm Komisyon an mèsi pou efò yo fè pou redui biwokrasi a epi pou mete gouvènman eta a sou yon pi bon chemen.”

Manm Asanble Steve Englebright di konsa, “Komisyon SAGE te devlope anpil lide ki reprezante panse deyò bwat la nan anpil domèn. Se sa Gouvènè a te bay Komisyon an pou fè. Rapò Final la montre plizyè kalite pwojè dinamik ak akseptab k ap non sèlman ekonomize lajan kontribiyab yo, men tou k ap amelyore sèvis yo bay pou Nouyòkè yo tou.”

Manm Komisyon Peter Solomon di konsa, “Nan eksperyans mwen fè deja nan gouvènman an ak nan sektè prive a, mwen konnen kijan li fasil pou epuize nan kriz politik epi poutèt sa pou pa konsantre sou prensip debaz pou fonksyone gouvènman an. Gouvènè a merite kredi poutèt li rekonèt opòtinite pou amelyore operasyon yo ak nesesite pou chanjman dapre lespri kontrent fiskal jeneral Eta a.”

Manm Komisyon Andrew Spano di konsa, “Mendèv Eta 14% pi piti kounye a pase jan li te depi 4 ½ ane. Mendèv ki pi piti sa a pa kapab fonksyone avèk efikasite sa pwojè teknoloji ak plizyè gwoupman SAGE.”

Manm Komisyon Robert Samson di konsa, “Transfòmasyon IT Eta a adopte pi bon pratik sektè prive a. Nouvo apwòch sa a nan teknoloji a ap modènize enfrastrikti IT Eta a, bay plis zouti pou ajans yo travay avèk yo, epitou l ap amelyore sèvis kliyan – pandan l ap ogmante efikasite a epitou pandan l ap ekonomize lajan. Transfòmasyon IT sa a fè Eta New York vin premye eta pami eta yo nan teknoloji enfòmasyon.”

Manm Komisyon Robert Zimmerman di konsa, “Gouvènè Cuomo te pwopoze yon pwojè ki trè enteresan yo ta egzekite, depi Al Smith te gouvènè nan dènye 85 ane yo. Kalite dirijan Gouvènè a ak Gouvènè Adjwen an mete anplas yon pwojè pou yon gouvènman ki pi efikas, responsab ak apranti. Efò yo ak travay Komisyon an enpòtan nan ede New York pran plas li kòm premye eta peyi a nan 21yèm syèk la.”

Prezidan Komisyon Bidjè Citizens Karol Kellermann di konsa, “Rapò SAGE se yon chemen pou yon gouvènman ki pi piti ak pi bon nan Eta New York. Lè pwojè tounèf sa yo fin egzekite, y ap redui depans gouvènman an nèt, epitou y ap amelyore kalite sèvis yo nan pou moun New York.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418